Contoh: Kebel-kebel mah *belu* aing gawé di dieu

Beron : Goda, ganggu

Contoh : Béjakeun kana aing mun aya nu wani *beron* kana dia

Berek : Sudah tidak segar (biasanya pada ikan)

Contoh: Piraku lauk berek kieu hargana sarua jeung nu seger

Beueus : Basah

Contoh : Nanaeunan ari dia, éta jamang tangka *beueus* kitu







Beugeu : Tolol

Contoh : *Beugeu* ieuh si éta mah, matak aya nu manték géh

Beungeu : Tidak mampu mendengar

Contoh : Digeroan titadi teu daék nyilek, paingan si éta mah *beungeu* ieu

Bibitrik : Mengumpulkan (sedikit demi sedikit)

Contoh: Kurajin éné mah *bibitrik* ti keur lembut mula

Bikang : Perempuan

Contoh : Ku geulis éta *bikang* nu ngaliwat

Birus : lihat 'barus'

Bising : Khawatir

Contoh : Ulah halimu *bising* kadéngé ku manehanana

Bobongko : Penganan/makanan sejenis lemper, berisi parutan kelapa

Contoh : Tah kabeuki kami *bobongko* mah.

Bobongkong : Mahluk halus

Contoh : Ulah sok ulin tengah peuting, isok aya *bobongkong* di dieu mah.

Bobongkong kagol : Kata ganti orang ketiga yang mengganggu

Contoh : Ceuk kami géh, pasti aya *bobongkong kagol*na dina ieu masalah.

Boga : Milik, punya

Contoh : Ieu motor *boga* kami

Bokblak : Kotak-kotak

Contoh : Tempat na geus *bokblak*, tinggal ngabagi baé

Bongbok : Kayu/bambu bolong, sisa pahatan atau turihan

Contoh : Teundeun dina *bongbok* tihang né





Bongkur : Sayur yang terlalu lama (biasanya pada mie)
Contoh : Gasik dahar, bisi kaburu *bongkur* kuahna
Buat : Naik (untuk kendaraan)
Contoh : Ari kaka *buat* mobil tah kadieu
Bubulak : Bukit
Contoh : Ari nu itu *bubulak* naon arana?
Buleng : Pusing
Contoh : Tangka *buleng* ujian kamari mah
Buncayut : Gemuk tidak proporsional
Contoh : Boga awak jing *buncayut* kitu
Bungbulak : Bukit
Contoh : Tuh dina *bungbulak* ni itu, Bapa kolot dia di kuburna
Bungaok : Tupai terbang (*flying squiller*, latin)
Contoh : Di leuweung éta mah ku ngabadeg *bungaok* na
Bungaok rompang : Orang yang mengganggu
Contoh : Dasar dia mah *bungaok rompang*, teu beunang neuleu
Buraket : Diikat yang kuat
Contoh : Ambeh teu bisa kabur, *buraket* baé sakalian
Buri : Belakang
Contoh : Aya sumur di *buri* imah
Burung : Kata penegas
Contoh : Nya ari bogoh mah *burung*
Butir : Kelapa yang mulus
Contoh : Pilihan kalapana nu *butir* céng
Buut : Tupai
Contoh : Bisaan diamah ngadonclana kadoang *buut* baé
Buyatuk : Lemas
Contoh : *Buyatuk* amat jing, karék géh lumpat sakitu





C







Cabik : Penutup layeus dari samping
Contoh : Geura pasangkeun *cabik*na Ka!
Cabok : Tempeleng
Contoh : Di*cabok* dia ku aing
Cacahan : Ngobrol
Contoh : Uplek amat Abah *cacahan* jeung minantuna
Caheum : Mulut
Contoh : Gelong peremén ieu pang *caheum*na teu bau jasa
Caluk : Alat membabat atau memotong menyerupai celurit
Contoh : Ulah poho mawa *caluk* ka kebon, jukutna geus jarangkung jasa
Calukan : Panggil
Contoh : *Calukan* Kaka dia, geura nyatu kituh.
Candir : Umbi
Contoh : Dangdeur éta *candir*na nu di ala
Cangeluk : Berdiam diri
Contoh : *Cangeluk* baé ti isuk, naggoan bébéné na
Cangkaruk : (1) Bekas ganti kulit ular
Contoh : Ulah dioméan éta mah *cangkaruk* Céng
(2) Penganan/cemilan nasi basi yang dijemur
Contoh : Ngan disuguhan *cangkaruk* géh, mani sakitu nganuhunkeunna
Campeding : Pecel daun melinjo
Contoh : Nyatu jeung *campeding*, kurupukna emping, ngeunah jasa
Carélam : Suka meminta
Contoh : Isin boga budak *carélaman* kitu ka batur
Cawéné : Gadis
Contoh : Ku medok jasa éta *cawéné* nu ngaliwat







Cayut : Wadah (anyaman) dari daun kelapa
Contoh : Geura asupkeun kana *cayut* éta dangdeur
Cémoh : Cantik, sintal
Contoh : Beuh éta cawéné meuni *cémoh* amat
Cenéh : Menganggap enteng
Contoh : *Cenéh* amat aing kudu diadu jeung si éta
Cepet : Lurus
Contoh : Guratanna kudu *cepet* Céng
Cepon : Bakul
Contoh : Wadahan kana *cepon* baé, pang mahi kabéh
Ceungeu : Tuli
Contoh : Cicing baé, doang nu *ceungeu* dia mah
Cileuk : Tengok
Contoh : *Cileuk* ka béh elor géh, aya saha
Cingcingok : Berdiam melamun
Contoh : Mun diajar nu khusu, ulah *cingcingok* kitu
Cocoh : (1) Ungkapan mengumpat
Contoh : *Cocoh* tuh ku dia kabéh
(2) Alat untuk menghaluskan sepah
Contoh : Né bawa kadieu *cocoh*na, Ambu hayang nyeupah
Cocolobok : Wadah air dari bambu untuk mencuci kaki
Contoh : Dihareupeun imah, baheula mah isok aya *cocolobok*, pang beresih kana ambénna
Codor : Hambar
Contoh : Ieu angeun *codor* amat pangrasa
Colotok : Mengambil tidak sopan
Contoh : Éta leungeun ulah *colokot* kitu, mun keur nyémah
Cokrom : Terong/terung (solanum melongena, latin)
Contoh : Mani ngeunah ieu nyoél sambel jeung *cokrom*na







Colobong : Toples

Contoh : Kuéh diwadahan kana *colobong*, pang teu ku meong

Comé : Alat perangkap ikan

Contoh : Meunang loba laukna géh ku *comé* mah Céng

Complong : Cangkir besar

Contoh : Nginum sa*complong* masih haranga kénéh.

Congcot : Nasi tumpeng

Contoh : éta mah *congcot* warnana konéng kitu

Cumplung : Kelapa berlubang

Contoh : Kalapa *cumplung* kitu mah moal jadi duit Bah

Cuntang : Gelas, wadah untuk minum

Contoh : Nginumna kami mah maké *cuntang* baé

Curek : Tuli

Contoh : Kasép-kasép horeng *curek* nyah





D







Daku : Permainan dakon
Contoh : Urang ulin *daku* yu di buruan

Daluang : Kertas
Contoh : Duit *daluang*na kadieukeun jeung balanja

Dago : Tunggu
Contoh : *Dago*an kami di ditu nyah

Damar : Lampu
Contoh : Mun poék mah mawa *damar* atuh Kaka

Damar kéjo : mata
Contoh : Deuleu na maké *damar kéjo* jing

Dangdeur : Singkong
Contoh : Ngarabut *dangdeur* baé ari lapar mah

Dangkléh : Bangunan menjorok ke depan
Contoh : Maké *dangkléh* ka hareupna, pang teu ka sebrot cai hujan

Dararia : Kalian (jamak, lebih banyak)
Contoh : Déngékeun ku *dararia* kabéhan

Daria : Kalian (jamak)
Contoh : *Daria* geula lempang ka Pulasari

Délan : Terasi
Contoh : Sambel *délan* ti Carita mah mani ngeunah

Deumpeu : Pendiam
Contoh : Mani *deumpeu* jasa, ku euweuh kahayang

Deungdeungeun : Orang lain
Contoh: Ari *deungdeungeun* mah loba meunangna

Didingklik : Tempat duduk pendek
Contoh : Kadieu *didingklik* na Né, mani panas ieu jubur

Dingklong : Jenis permainan anak-anak
Contoh : urang ulin *dingklong* yu?

Dirangsakeun : Diacak-acak
Contoh : Ulah *dirangsakeun* ieu berkas





Ditongtoyong : Diintai

Contoh : Urang kudu waspada, bisi *ditongtoyong* musuh

Doang, kadoang, doangna : Seperti

Contoh : Ulah kitu jing, *doang* ka saha baé.

Doncla : Lompat

Contoh : Manjangan mah nga*doncla*na ruhul jasa















É/E/EU







Ébé : Berjalan perlahan

Contoh : *Ébé* jasa diamah leumpangna, kadoang kéong

Ébruh : Serba ada

Contoh : Deuleu, eta nu ndeuk saur, meuni *ébruh* dina méja

Éncrak : Jala kecil

Contoh : Ku *éncrak* baé, ngalana ulah gedé teuing

Éndah : Bagus, pantas

Contoh : *Éndah* baé maké nanaeun géh Si Tétéh mah

Éné : Sebutan untuk anak kecil wanita

Contoh : Ari *éné* boga kahayang?

Endéh : Ungkapan merendahkan

Contoh : *Endéh* dia, moal lila géh ngajoprak

Endeuk : Mau/Akan

Contoh : *Endeuk* sakola moal dia Né?

Endung : Tidak mau

Contoh : *Endung* aing kudu beberesih, mun lain bagéan pikét mah

Enggon : Tempat tidur, tempat tinggal

Contoh : Dina kamar nu éta, *enggon* Abah

Entol : Keturunan putra Banten (khususnya dari Menes)

Contoh : arana Haji *Entol* Pulung Juhaedi

Enyaeun : Ingin dipuji

Contoh : Abong budak, *enyaeun* jasa

Éor-éor : Suara tembakan

Contoh : Keur jaman walanda mah, kaprah ngadéngé *éor-éoran* di semet ditu

Eunyeuh : Rebah pada tanaman

Contoh : Ku angin kamari, *euyeuh* kabéh paré kami

Éwé : Istri

Contoh : Mun geus boga *éwé* mah teu ngantik nyeuseuh sorangan







G







Gacok : Garpu
Contoh : Ngadahar daging mah kudu maké *gacok* jing Né

Gacon : Unggulan
Contoh : Mun lebaran, jamang *gacon* pasti diparaké

Gadur : Bohong
Contoh : Si éta mah tukang *gadur*

Gagading : Palang-palang kusen
Contoh : Teu maké *gagading* mah, moal éndah atuh éta kusén

Gantung Wayang : Tanggung
Contoh : *Gantung wayang* amat éta lalakon Dak!

Ganyol : Umbu-umbian (*Canna Edulis*, latin)
Contoh : Tipung *nganyol* mah hadé jeung orok

Gaprok : Tempeleng
Contoh : Ulah asal bae, bisi di*gaprok* dia ku aing

Garangsang : Alat untuk menangkap tupai
Contoh : Mana *garangsang* na, teu kaur konéng pangrasa buah, béak waé ku buut

Garieung : Berisik
Contoh : Kajauh ulinna, *garieung* amat yeuh kana kami

Garoruk : Perasaan kebencian
Contoh : Dia mah, doang nu *garoruk* kana kami

Gasik : Cepat
Contoh : Hayu geura, rada *gasik* leumpangna

Gati : Susah, sulit
Contoh : Mani *gati* ieu pasualanan

Gaur : Berebut
Contoh : Mun sawér, di*gaur* ku kolot ku budak

Gedebog : Gedebong, batang pohon pisang
Contoh : Mun mandian nu paeh, make kudu *gedebog*





Gegemblong : Uli
Contoh : Isuk-isuk mumuluk *gegemblong*, dicoél kana sambel oncom.

Gegemes : Uang untuk jaga-jaga
Contoh : Beuh lebaran kuwari mah, *gegemes* géh béak

Géh : Kata penegas (seperti ya)
Contoh : Ulah kitu *géh* bisi doraka

Gelong : Telan bulat
Contoh : Ubarna mah di*gelong* baé

Gendréh : Menumbuk padi di lesung
Contoh : Di Montor mah, endé masih isok kénéh nga*gendréh*

Génjléh : Centil
Contoh : Bikang *génjléh* kitu mah, teu parigel dijadikeun piéwéeun

Gembleng : Tidak tahu
Contoh : Haruh, *gembleng* kami mah kana imah si Sapri

Geun : Kata penegas
Contoh : Buku nu dina méja kami téa *geun*

Geura : Lekas
Contoh : *Geura* kadieu, kaburu béak sanguna

Goak : Bohong (hanya pandai bicara)
Contoh : Nu kampanyeu éta *goak* doang

Gobéd : Kujang (Sejenis arit besar)
Contoh : Ulah poho marawa golok, *gobéd*, jeung caluk

Gogobrag : Orang-orangan sawah
Contoh : Béak ku manuk géh, ja tilok masang *gogobrag* di humana

Gogodoh : Penganan yang digoreng dengan tepung
Contoh : Isuk-isuk kieu mah ngadahar *gogodoh* cau nu endah mah





Gogonyol : Lihat Ganyol
Golok : Golok
Contoh : Pendékar mah tilok leupas tina *golok*
Golopok : Bicara tidak benar, asal bicara
Contoh : Éta budak *golopok* amat, muga ulah turunan urang mah
Gondil : Kecele, sia-sia
Contoh : Hareuh, mani *gondil* kami ka dieu géh
Gonjléng : Nasi liwet berbumbu
Contoh : Jadi santri mah kudu pinter ngaliwet jeung nga*gonjléng*
Gorobog : Lemari tempat makanan
Contoh : Éta deungeun sangu teundeun na *gorobog*, bisi ku meong
Gotrol : Pekerjaan kasar
Contoh : Bakat ku butuh mah, *gotrol* géh dilakonan
Guguel : Ulekan
Contoh : Coét jeung *guguel*na aya di dapur Né.
Gugunungan : Rumah panggung bertingkat
Contoh : Kuwarimah ngabadeg nu boga *gugunungan* di lembur
Gulidag : Berserakan
Contoh : Pating *gulidag* kitu éta runtah
Gundal : Pengawal
Contoh : Mun rék jadi *gundal*, kudu rancineuk







H







Haliwu : Ribut
Contoh : Éta nu pamilihan RT, nepi ka *haliwu* kitu

Hangit : Bau
Contoh : Beu ta acah, mani *hangit* ka ambeu nepi ka dieu

Haranga : Haus
Contoh : Mun wanci puasa, teu kuat *haranga*na kami mah

Harangah : Kagét
Contoh : Kabéh *harangah*, ngadéngé katerangan saksi

Haren : Gembira
Contoh : Bapa na *haren* ngadéngé anakna suksés di kota

Héhédéng : Penghalang
Contoh : Ulah ngablak teuing, maké *héhédéng* géh WC na.

Hélok : Kaget, terpukau
Contoh : Mani *hélok* neuleu nu tabrakan

Héman : Sayang
Contoh : Ku *héman* si éta mah kana pepelakanana

Héndép : Bawah
Contoh : Rada *héndép* masangna, ulah ruhul teuing

Hépé : Kelapa muda tak berair
Contoh : Dugan *hépé* mah, moal jadi duit Ka

Her : Menyuruh berjalan pada kerbau
Contoh : Hayu geura leumpang, *her* sah

Hook : Lihat héman

Hotaw : Memberi tahu
Contoh : Lain rahasiah deui, ja *hotaw* jing kana kabéhan







Hujan ngajuru maung : Hujan dalam keadaan matahari bersinar (tanda-tanda alam)
Contoh : Kumaha nya ja *hujan ngajuru maung* kieu

Hulap : Malas
Contoh : Kami mah *hulap* jasa leumpang na

Hunjur : (1) Bukit
Contoh : Dina *hunjur* éta mah subur jasa, dipelakan nanaeun géh tilok gagal
(2) Bukit tempat keramat
Contoh: Dina *hunjur* di Cikadeun tah, kuburan Syech Mangsur mah















I







Ider : Kayu palang
Contoh : *Ider* jeung neundeun bedugna teu kabawa

Iheung : Tidak tahu
Contoh : Nu ditanya ngan ngajawab *iheung*, ja teu nyahoeun meureun

Ilik : Cari
Contoh : Geus saminggu leungit, gasik *ilik*an kunu dia

Isin : Malu
Contoh : Teudeuk aing, *isin* jasa ka mitoha







J







Ja : Ternyata (penegas kata)
Contoh : *Ja* éta la dia nyaho

Jablog : (1) Makan (kepada binatang)
Contoh : Geura *jablog* jalu abméh seubeuh
(2) Tangkap
Contoh : Geura *jablog* tah maling

Jabrah : Jorok
Contoh : Di imah teu meunang *jabrah* Né, pang betaheun salaki

Jagisuk : Besok
Contoh : Ulah kuwari lah, *jagisuk* baé

Jajadug : Kotor
Contoh : Balik ti sawah mah suku mani *jajadug* kieu

Jamang : Baju
Contoh : Geura paké *jamang*na Céng

Jambatan kéjo : Leher
Contoh : Tenang heulan ka, ieu dahareun karék tepi kana *jambatan kéjo*

Jamuga : Selamat
Contoh : Geura baé, dia nu korupsi mah moal *jamuga* hirup na géh

Janéd : Jauh sekali
Contoh : Doang deukeut tapi *janéd* nyah

Jaro : Tetua Kampung, Kepala desa
Contoh : Isukan mah pamilihan *jaro* deui baé di urang

Jasa : Amat, Sangat, Sekali
Contoh : Ku gedé *jasa* eta mah awak

Jataké : Gandaria (*Bouea macrophylla Griffith*, latin)
Contoh: Mun ulin ka kuburan isok ngarala *jataké*, beuh haseum jasa rasana





Jayak : Membimbing
Contoh : Di Baduy mah aya istilah, ngasuh ratu nga*jayak* ménak

Jeben : Benar
Contoh : Nu *jeben* dia kokono, pang kaharti ku deungdeungeun

Jebug : Pinang (*Areca catechu*, latin)
Contoh : Geuraan ngala tangkal *jebug*na, sakeudeung deui rék agustusan

Jejemblongan : Jenis permainan anak-anak
Contoh : Nyumputna ka ditu tuh, mun keur *jejemblongan* mah

Jengkélék : Berubah
Contoh : Leungit Semar, *jangkélék* jadi sinatria kasép jasa

Jerah : Masa durian jatuh
Contoh : Ngké mun wancina *jerah* baé, urang mulung kadu

Jing : Kata Penegas (Sih..)
Contoh : Kumaha *jing* dia mah

Jogéd : Peralatan untuk perangkap ikan
Contoh : Urang maké *jogéd* baé kuwari mah, pang loba beubeunanganna

Jojong : Tidak memperdulikan
Contoh : Sakitu haliwu di luar, *jojong* baé manéhna mah saré

Jojongor : lihat hunjur

Jojorangan : Bercanda
Contoh : étama mah si éta, *jojorangan*na kaliwatan

Jojorong : Panganan khas Pandeglang
Contoh : Dina ngariung kudu baé *jojorong* mah aya





Jonod : Jelek

Contoh : Barang jieunna *jonod* amat jing

Jorongan : Pas tempat jatuhnya air dari atap

Contoh : Pangantén geus diuk na korsi di *jorongan*, acara sawér taram

Jubur : Pantat

Contoh : Tempat diukna leutik amat, *jubur* aing teu kawadahan doangna

Jundel : Bodoh, gampang lupa

Contoh : *Jundel* amat jing budakna, nu matak teu naék kelas bae.







K







Ka : Panggilan kepada lelaki yang lebih tua
Contoh : Dia mah kolotan ti kula *Ka*, kudu leuwih déwasa jing mikirna

Kabet : Sibuk, mengganggu
Contoh : Ulah dibawa budak mah, *kabet* engkéna

Kacok : Tidak rukun
Contoh : Tatanggaan tapi *kacok* dararia mah

Kadal Mayan : Karpus
Contoh : Imah kami mah bocor baé lebah *kadal mayanna*

Kagol : Tanggung
Contoh : Moal balik heulan, *kagol* geus boga wudu

Kai : Sebutan untuk remaja laki-laki
Contoh : Dasar *kai* Arnasa, ngeun cawéné baé nu dikonokeun

Kajing : Padahal
Contoh : Geus lah urang ruag baé, *kajing* mah geus arendung ngeusianna

Kaka : Lihat Ka

Kalameta : Lumpur
Contoh : Ati-ati di sawah éta mah *kalameta* na jero jasa.

Kamandén : kesurupuan
Contoh : Di sakola si Tétéh mah, aya baé nu *kamandén*

Kamayangan : Kebetulan
Contoh : Atuh *kamayangan* kula mah, dasar keur haranga

Kambeuti, kameuti : Katong dari ayaman pandan
Contoh : Kamamana géh si éta mah mamawa *kambeuti* bae

Kami : Saya
Contoh : Atuh *kami* mah leumpang suku baé ti Kanékés géh







Kana : Kepada

Contoh : Bagi-bagi géh pagawéana *kana* kami

Kancolah : banyak tingkah

Contoh : Ulah *kancolah* di dieu mah, bisi kamandén

Kancung : Lihat Garangsang

Kandéron : Kantong dari anyaman pandan yang bulat

Contoh : Kamamana tilok leupas tina *kandéron*

Kapan : Kan

Contoh : *Kapan* kitu amat jing?

Kaom : Pengurus Mesjid

Contoh : *Kaom* geus badami deuk ngaréhab masjid

Karag : Jembatan

Contoh : Jagisuk urang babarengan nyieun *karag* di walungan nu itu nyah

Karah : Kata Penegas (Begitu)

Contoh : Ari imahna di mana *karah*?

Karatag : Jembatan kecil

Contoh : Mun di susukan mah, nyieun *karatag* baé

Karo'oh : Serakah

Contoh : Dasar nu *karo'oh*, hirupna euweuh ka seubeuh

Karpus : Jubungan

Contoh : Tah lebah *karpus* nu isok bocor mah

Kasantab : Kesurupan

Contoh : Ulah loba ngalamun, matak *kasantab*

Katalambung : Tidak jadi, batal

Contoh : Boro mah kami geus dangdan, ari geus *katalambung*

Katelak : Tersedak

Contoh : Teu hayang guramé, kamari géh *katelak*, gati jasa ngaluarkeunna







Kebel : Lama
Contoh : *Kebel* amat jing, aing ngadadoan tangka kesel

Keceprék : Panganan dari emping melinjo
Contoh : Oleh-oléhna ulah poho, *keceprék* ti Menés nyah

Kedér : Takut pada musuh
Contoh : Ulah *kedér* jing Céng, maju terus

Kekeba : Wadah segi empat dari anyaman dari daun kelapa
Contoh : Teundeun dina *kekeba*, kabeh bawaan

Kelar : Ungkapan rasa senang
Contoh : Beuh éta sawara suling *kelar* amat kadéngéna

Kelip : Jauh (ke atas)
Contoh : Mani *kelip* eta kapal di luhur Dak

Kencring : Uang koin/recehan
Contoh : Mahi kana naeun *kencring* kieu mah

Kepar : Liar
Contoh : Di leuweung mah, éta kebo tilok diangon, di*kepar* baé

Kepék : (1) Kepala yang kurus (kampeng)
Contoh : Karék dijirukuen mah *kepék* ieu budak, tapi ja kuawei mah henteu
(2) Tas berbahan kulit kayu
Contoh : Mun leumpan jauh, urang Kanékés mah sok mawa *kepék*

Kéder : bingung
Contoh : *Kéder* jasa di dieu mah, mana Elor mana Kidul?

Kékéncéng : Penggorengan (kuali)
Contoh : Goréng sanguna géh tangka sa*kékéncéng*, keur nu ngaronda ngké peuting







Kékényoh : Kunyah
Contoh : Keur diajar mah eureunan *kékényoh* na Céng!

Kénclong : Wadah/sarung arit di pinggang
Contoh : Bari balik, nu digawé di leuweung sok narabeuhan *kénclong*, panghaneuteun di jalan

Kérok : Serba salah, canggung
Contoh : Ieu jalan ka mana, *kérok* jasa kami mah?

Keupeul : Genggam
Contoh : Duitna di*keupuel* bae

Keukeus : Sayur bening
Contoh : Ngan jeung *keukeus* géh, ngeunah jasa ieu nyatu

Keumbeuy : Lamban
Contoh : Hirup jaman kuwarimah teu meunang *keumbeuy*, matak ditinggaleun batur

Kéwoan : Jenis gubug di lading
Contoh : Ngké ngiuhanna dina *kéwoan* baé nyah

Kikiping : Makanan khas Menes, Pandeglang
Contoh : Jojorong, *kikiping*, pasung, tah éta kadaharan has urang

Koder : Masuk ke dalam lingkaran (biasanya di permainan kelereng)
Contoh : Ngaku baé jago, karék sageprakan geus *koder*

Koéng : Alat pertanian seperti cangkul
Contoh : Mun ku *koéng* mah, moal cangkeul teuing ieu cangkéng

Koja : Tas (kantong) dari anyam kulit kayu
Contoh : Kamamana géh tilok leupas tina *koja* urang Kanékés mah

Kojor : (1) Mati
Contoh : Mun geus *kojor* mah, moal bisa ménta tulung ka sasaha







(2) Ukuran satuan gula merah
Contoh : Sa *kojor*na, saberaha éta gula?

Kokojoran : Tiduran
Contoh: Bari naggoan bedug magrib, Abah *kokojoran* dina ambén

Kokono : Bicara
Contoh : *Kokono* géh, pang jelas kahayangna

Kokoro batok : Panjang tangan
Contoh : Anu sok maling mah, disebutna *kokoro batok*

Kolaci : Alat penggorengan
Contoh : Mana *kolaci*na, ieu gogodoh geura bulak-balik

Koléang : Daun kering
Contoh : Usum katiga mah, *koléang* patalayah di buruan.

Kolotkeun : Akhiri
Contoh : *Kolotkeun* ku kecap "peun" éta caritana

Kolu : Tega
Contoh : Teu *kolu* kula mah kudu nyetrap barudak

Komat : Tidak tahu
Contoh : Kana pasualan éta mah, kami mah *komat*

Komét : Lihat Komat

Komeut : Lihat Komat

Konclang : Tidak penuh
Contoh : *Konclang* kénéh jing, eusian deui, hook ku jauhna

Kono, konokeun : Panggil, sapa
Contoh : *Konokeun* si Abah, bisi deuk ngopi heulan mah

Kontod : Bercanda
Contoh : Beak baé waktu, ku *kontod* baé ieu si éta mah





Koropék : Tidak rata, bopeng
Contoh : Sanajan *koropék* géh, tapi geulis haténa mah

Kopék : Salah tingkah
Contoh : *Kopék* amat ema tah kumaneh, kadatangan dulurna mah

Koronjo : Keranjang dari daun kelapa
Contoh : Bungbuahan na géh tangka di *koronjo*an, keur seserahan manehna mah

Kotok : Ayam
Contoh : *Kotok* saha ieu, wanci kieu aya di buruan batur kénéh

Kurunyung : Mengendap-endap
Contoh : Saha éta nu ku*kurunyung*an wanci tengah peuting kieu

Kula : Saya
Contoh : Iyeu mah nu *Kula*

Kulup : Panggilan kepada anak kecil laki-laki
Contoh : Ari manéhna mah *kulup* keneh, gedé géh awakna

Kuprut : Gatal-gatal
Contoh : Gara-gara teu ngaku kana indung, Dalem Boncél laju *kuprut* sa aawak.

Kurung dédés : Keranda
Contoh : Najan pakaya patalayah géh, geus paéh mah ngan ukur naék *kurung dédés*.

Kuwari : Sekarang
Contoh : Kudu sumanget diajarna, ti *kuwari* tepi ka jaga











L







La : Lah (kata penegas)
Contoh : Kitu *la* ceuk kula géh, ulah tuturuti

Lagé : Tari
Contoh : *Lagé* na mah éndah jasa, ngeun jamang na kurang hérang

Lagedu : Kotor pada pakaian
Contoh : *Lagedu* amat éta jamang

Lagu : Kelakuan
Contoh : Ku leubeut *lagu* eta kalakuan

Laju : Lantas
Contoh : Geus bérés mah, *laju* balik kana imahna masing-masing

Lajur : Dukung
Contoh : Nuhun kana pang*lajur* kabéhan kana tulisan kula

Lalagaan : Bercanda
Contoh : Abah mah *lalagaan* baé, nepi ka ngéhngél kula ngadéngéna

Lalanjung : Pusing, sakit kepala
Contoh : Mani *lalanjung* jasa, tugas ti sakola ngabadeg can digawéan

Lantay : Jajaran padi
Contoh : Bérés dibuat, paré di*lantay* di sisi huma

Lantayan : Tempat menjejerkan padi sebelum disimpan di lumbung
Contoh : Kelar jasa mun neuleu paré geus ngajajar dina *lantayan*

Larang : Jarang
Contoh : Mani *larang* kadieuna

Layeus : Usuk (kaso-kaso)
Contoh : Geuraan pasang *layeus*na yeuh

Lédég : Ingin dipuji
Contoh : Barang cawéné daratang, laju baé barudak lalaki mah la*lédég*.







Legon : Bagian terdalam, lengkungan
Contoh : Mun rek leumpang ulah *legon* nu itu
Lelecék : Sisa tepung yang kasar
Contoh : Ku ngabadeg amat *lelecék*na
Lémbéng : Pengecut
Contoh : Kudu wani jing jadi jalu mah, ulah doang kotok *lémbéng*
Lénjéh mata : Senang terhadap sesuatu
Contoh : jadi jelema sok *lénjéh mata* kitu
Lépér : Cobek kecil
Contoh : Ceuba tah kadieukeun *lépér*na
Leuleuncangeun : penyakit kulit (tinea pedis)
Contoh : eta suku mani *leuleuncangeun* kitu
Leusteuing : Biarkan
Contoh : *Leusteuing* ari endung mah. Ja teu maksa ieuh.
Liliuran : Bergotong royong
Contoh : Urang *liliuran* baé nyah, meneran jalan ka pamandian umum
Lilul : Layang-layang yang mengeluarkan suara (peténg)
Contoh : Beuh étah sawara *lilul* tepi kana lembur kula
Logang : Lubang besar
Contoh : Ati-ati loba *logang* kuwari mah di tengah jalanna géh.
Lojor : Panjang
Contoh : *Lojor* teu meunang diteukteuk, péndék teu meunang ditumbu
Lorah : Parit
Contoh : Ulah lalagaan dina *lorah*, isok aya oray















M







Mahian : Pemberani
Contoh : Beuh moal lawan ka si Abah mah, *mahian* jasa ka sasaha géh

Majuh : Makan
Contoh : *Majuh* naeun éta méong, mani nepi kabungkiang kitu beuteungna?

Makéan : Mengikuti, menggunakan, memakai
Contoh : Manéhna mah teu *makéan* kana papatah kolot, numatak loba balaina.

Maliheu : Keseleo
Contoh : Matak karunya Céng, eta suku mani *maliheu* kitu

Manan (géh) : Makanya
Contoh : *Manan géh* nurut ka bapa, pang geugeuraan tepi kanu di tuju

Mantang : Ubi
Contoh : Mani amis *mantang* ti Pasir Angin mah

Mantog : Terbentur kepala
Contoh : Tungkul tah hulu, bisi *mantog* kana lawang

Maray : Bayar
Contoh : Geus *maray* iuran Kami mah

Mejur : Mencret
Contoh : Gara-gara ngadahar sambel, mani *mejur* ngisingna

Méhpér : Cebok dengan daun
Contoh : Mun euweuh cai, pangangon kebo mah sok *méhpér*

Mejes : Padam
Contoh : Kunaon ieu lampu ku *mejes* bae

Mendang : Mata beras
Contoh : Hadé jasa béas na nyah, tangka barolotot kitu *mendang* na géh





Ménjé : Tupai kecil
Contoh : Deuleu, itu aya *ménjé* ngadoncla tina tangkal kalapa

Mepek : Penuh
Contoh : Mani *mepek* ku panumpang ieu mobil

Merekbek : Tenggelam perlahan
Contoh : Kebel-kebel mah *merekbek* éta parahu

Més : Pinjam pemain
Contoh : Salismaha éléh géh, ja pamaenna *més* doang di ditu mah.

Meujeuh : sudah
Contoh : *Meujeuh* burung, nu salah mah kudu dihukum

Miis : Sial
Contoh : Ku *miis* poé ieu mah, ngusruk kana balong

Milugah : Ular berganti kulit
Contoh : Tadi mah aya oray keur *milugah*

Mingpiung : Menghindar
Contoh : Manehna mah mun pundung laju bae *mingpiung*

Mokla : Darah
Contoh : Cuan, bisi ba *mokla* eta leungeun, ku ngoméan golok baé

Mojos : Tidur
Contoh: *Mojos* baé dia, iraha gawéna?

Momonon : Hantu yang menakutkan
Contoh : Ulah kaluar malem jumaah, bisi aya *momonon*

Mopod : Takut
Contoh : Kunu kitu baé geh, manéh mah ku *mopod*, ku euweuh kawani







Moroos : Membungkus buah pada pohon
Contoh : Mun teu *moroos*, tara mulus buahna nangkana mah

Mulihan : Membersihkan sawah kedua lainya dalam menanam padi
Contoh : Jagisuk mah, geus kudu *mulihan* nyawah mah

Mungpuri : Mencari sisa
Contoh : Lumayan baé, ja ladang *mungpuri* dina tundun deungeun géh, aya hasilna

Mumulan : Malas
Contoh : Nu bungsu mah *mumulan*, teu doang nu cikal jalingheur







N







Naeun:Apa

Contoh: Aya *naeun*?

Nagéjlé: Terbirit

Contoh: Sakitu dicalukan, ja *nagéjlé* baé jojong.

Nampuyak : Terlalu Banyak/Besar

Contoh : Eta deuleu kadaharan, mani *nampuyak* kitu

Negig : Terlalu

Contoh : Ulah kitu teuing, *negig* amat dia mah héwa kana beurit

Nemah: Pasrah

Contoh: Maneh mah mani ku *nemah*, neuleu kaayaan kitu

Ngabadeg : Banyak

Contoh : Ku *ngabadeg* tah ma buah

Ngabuncanut : Melamun

Contoh: Barang ragag talak, *ngabuncanut* baé gawéna.

Ngaclak : Teknik menangkap ikan

Contoh: Pinter jasa manehna mah *ngaclak*na géh

Ngadalingeng : Bingung/kesasar

Contoh: *Ngadalingeng* amat kana hulu, ti mana mimitina ieu?

Ngadem: Berteduh, santai

Contoh : Diluar wéh cacahanna étéh bari *ngadem*.

Ngadiwindu :Mencari siku bangunan

Contoh: Bikeun baé kana ahlina *ngadiwindu* na mah bah, urang mah moal kapendak.

Ngahngah: Diam terpana

Contoh : Tuh Bapa dia mah keur *ngahngah* béh di juru

Ngahondoyod: Menggelayut

Contoh : Éta aisan tangka *ngahondoyot* kitu, doang nu bérat jasa.





Ngaing : Saya
Contoh : *Ngaing* mah ti lembur, dararia ulah ngaganggu kana kami.

Ngajangkor: Mengusir
Contoh : Kupédah ngalawan baé, lajuna mah Ka Usin *ngajangkor* pagawéna kamari.

Ngajangléng : Berdiri termangu
Contoh : Naeun tah dia *ngajanglaéng* baé di jorongan, gasik asup.

Ngajeding : Mendengar
Contoh : Naeun tah dia teu *ngajeding*, sakitu ustad kokono harus jasa.

Ngajlot : Loncat
Contoh : Digebah sakaligus, abah tangka *ngajlot* ka jorongan.

Ngajorélak : Melintas
Contoh : Barang keur cacahan di ambén, *ngajorélak* hareupeun maranéhanna.

Ngalanguteun : Mencari makanan
Contoh : Tepi ka imah. Laju baé terus *ngalanguteun*, ja can papajuh nanaeun.

Ngalasan : Mengambil lalapan
Contoh : Ari rajin *ngalasan* mah, lumayan apanan, sambel délan éta aya baturna.

Ngalegejeg : Cara menangkap belut
Contoh : Moal aya duana urusan ngala belut mah, Ka Hao mah jago jasa *ngalegejeg* na

Ngaléjéd : Cara menangkap belut
Contoh : Sanajan ku curuk hungkul geh, *ngaléjéd* na meunangan baé.

Ngaleuyah : Banyak sekali
Contoh : Pakaya *ngaleuyah* di mamana.





Ngangiran : Tasyakuran hari ke 40 kelahiran bayi.
Contoh : Mun geus 40 poé, omat ulah henteu *ngangiran* nyah, syukuran ka Gusti Allah.

Nganjor : Mendatangi
Contoh : Ke peuting cuang *nganjor* ka lembur Sabrang, bedugna nu aréndah céng

Ngantik : Perlu
Contoh: Teu *ngantik* maké jamang anyar shalat ied éta, nu penting beresih.

Ngaprit : Cepat-cepat
Contoh:Tas saur ngadon héés deui, lajuna mah *ngaprit* indit ka kantor géh.

Ngaradig : Benar, beres
Contoh : Kudu *ngaradig* ari gawé, pang kapaké ku dunungan.

Ngarakibah : Beres dan rapih
Contoh : Geus *ngarakibah* kitu mah, tinggal nanggoan upahna kapanan.

Ngarapak : Memulai
Contoh : *Ngarapak* nyieun jalan ka lembur sabrang jagisuk baé.

Ngaweudweud : (1) Ketakutan
Contoh : Eta nuleu nu hideung ngajegag, mani *ngaweudweud*.
(2) Kedinginan
Contoh : Barang asup di ruangan rapat nu maké AC, mani *ngaweudweud* karasana

Ngéhngél : Terpingkal-pingkal
Contoh: Ngadengekeun caritaan kaka mah, tangka *ngéhngél* kula.

Ngejat : Lari
Contoh: Mun aya nu ngarogahala, gancang *ngejat*







Ngéli : Mengungsi
Contoh: Eta mah keur jaman *ngéli*, mani sangsara Abah mah

Ngéngkég : Berjalan cepat, tidak tengok kiri kanan
Contoh : Nu leumpang suku, *ngéngkég* ka kotakeun.

Ngerecek : Keroncongan (Perut)
Contoh : Beuh ieu beuteung mani geus *ngerecek* kieu

Ngiclik : Berjalan jauh
Contoh : Ti Cibolégér ka kota Sérang, *ngiclik* leumpang suku éta mah urang Kanékés.

Noong : Besuk
Contoh : Geus kebel teu *noong* anak di Bandung.

Noyon : Nyambung
Contoh : beuh,meni *noyon* kitu dia mah, keur peuting nongton ubrug kiwari neuleu debus

Nukuh : memulai
Contoh : Ari deuk ngahuma téh, kapannan kudu puguh *nukuh* na, pang baleuneur paréna.

Nyalawading : Semaunya sendiri
Contoh : Ulah dijadikeun panitia si éta mah, isok *nyalawading*, gati diaturna.

Nyameuh : (1) Bengong
Contoh: Dasar urang gunung, *nyameuh* baé sakebel kula cacahan jeung deungdeungeun.
(2) Orang yang dagunya panjang
Conoth: Eta mah si Cesar, ku *nyameuh* jasa

Nyampopot : Sembunyi
Contoh : Kaluar dia ulah *nyampopot* di jero ari wani mah

Nyatu : Makan
Contoh : Anak kami keur *nyatu* tuh dina saung







Nyéko : Intip

Contoh : Eta mah gara-gara *nyéko* keur peuting, nu matak matana timbil

Nyohnyoh : nyerocos

Contoh : Nu diskusi meuni *nyohnyoh*, doang enya bakal malilatkeun nagara.







O







Ocong : Panggilan kepada anak laki-laki
Contoh : Geura gedé *ocong*, pang bisa nulungan indung dia.

Odoh : kotor
Contoh : Budak na éta *odoh* jasa, deuk saha nu daékeun ngadopsina.

Ogah : Tidak mau
Contoh : *Ogah* aing kudu ilu kana dia.

Ojol : Tukar
Contoh : Motor na di*ojol* baé jeung nu rada ngora taun kaluarna.

Olép : Gila
Contoh : Nu *olép* jing diajak cacahan, atuh moal nyambung

Oncu : Cucu
Contoh : Geus boga sabaraha *oncu* na? kami mah geus tilu.

Ongkoh : Mendingan
Contoh : Hayang ngasaan asup susuganan aya nu rada *ongkoh*

Ongoh : Tolol
Contoh : Naeun manehna mah rada *ongoh*, titadi geh dibejaan

Ongong : (1) Ikan Asir Layur kecil
Contoh: Najan nyatu jeung *ongong*, tapi nikmat jasa.
(2) Anak-anak kecil
Contoh : dararia *ongong* keneh, ulah waka milu ka kota

Ontrohol : Bicara seenaknya
Contoh: Eta bacot mani *ontrohol* jasa, sangeunah na bae

Orok : Penyebutan kepada orang lain
Contoh: *Orok* Menés mah bareuki jasa kana Balok







Owér : Ramai
Contoh : Beuh pas kawinan anak jaro, tangka *owér* ka mamana.

Oyok : Mendahului
Contoh : Eta mobil beus, di*oyok* bae ku kami















P







Pada urangna baé : Rahasia kita

Contoh : Ulah haliwu nyah, ieu mah *pada urangna baé.*

Padingdang : Tetabuhan yang peralatannya besar

Contoh : Beuh ramé jasa, ja aya *padingdang* sagala

Pagon : Padahal

Contoh : Awak mani lalungsé, *pagon* gawéeun ngabadeg kénéh

Paidon : Tempat ludah

Contoh : Ceuba yeuh *paidon* ema kadieukeun

Palaksak : Tiap ujung

Contoh : Siaran di unggal *palaksak*, sugan kapendak.

Pajus : Bicara

Contoh : Beuh *pajus*na picilakeun si éta.

Pajuh : Makan (umpatan)

Contoh : *Pajuh* tah ku dia, karasa ayeuna mah ditinggaleun kolot

Palilat : Uruskan

Contoh : Nu mana nu kudu di*palilat*keun, kabudayaan heubeul atawa nu anyar?

Palisir : Bubungan (Tutup layeus)

Contoh : Nu bocor baé mah pas *palisir* na.

Panajuh : Rasakan

Contoh : *Panajuh* ku dararia, mun gotong royong éta penting.

Pangbéasan : Wadah menyimpan beras

Contoh : Ulah poho *pangbéasan*, ari nyarieun imah éta.

Panghérét : Balok kayu yang pendek

Contoh : Ulah dipiceunan *panghérétna* nyah.

Pangiwa : Kesepuhan

Contoh : *Pangiwa* geus ngabaris di beulah hareup.







Panglari : Balok yang panjang
Contoh : Ngahaja teu di potongan, ja jeung *panglari*.

Panték : Lempar
Contoh : *Panték* ku dia sakalian, anjing galak kitu mah.

Papancahan : Jenis permainan anak
Contoh : Barudak keur arulin *papancahan*.

Papencal : Berpencar
Contoh : Pating negeran kabehan, bisi *papencal* di tempat wisatana.

Papiuh : Tergesa-gesa/sibuk
Contoh : Mani *papiuh* kitu, ari digeugeura ku mitoha mah

Parabah : Perkakas
Contoh : Di dapur *parabah* masak mah diteundeunna.

Parajaka : Perjaka, pemuda
Contoh : Beuh mani geus *parajaka* anak dia éta Ka.

Parapit : Memukul sekaligus dua sasaran
Contoh : Bah Kéméd mah jago *parapit*, teu kebel dua musuh rubuh.

Parigel : Pantas, cekatan
Contoh : Ku asa *parigel* etah mah budak bikang nu make jamang nila

Pasini : Bertengkar
Contoh : Aya nu *pasini* di ruang sidang komisi, korsi alajur.

Pasung : Jenis kudapan
Contoh : Kuéh *pasung* mah nyungcung, doang dia keur manyun.





Patalayah : Berserakan
Contoh:Dasar ari kamar parajaka, meuni *patalayah* kieu.

Patiman : Wadah Kue
Contoh : Mun lebaran, na rompok ngaleuyah *patiman* pinuh.

Patingtung: (1) Jenis kendang agak kecil
Contoh : Silat Terumbu éta, pangiringna *patingtung*.
(2) Jenis kesenian
Contoh : Nu bener latihan *patingtung*na nyah...!

Pecing : Dijauhi/dimusuhi
Contoh : Urang *pecing* ku kabéhan, mani teu guyub si éta mah.

Pejus : Kentut
Contoh : *Pejus* dia mah, ukur bauna hungkul.

Pelekak pelekok : Plingak-plinguk/tidak tahu apa-apa
Contoh : Kula *pelekak-pelekok* di kantor éta, ja euweuh nu kenal.

Pencok : Bungkus
Contoh : *Pencok* baé téh, ja moal didahar di dieu.

Pepelenyun : Tolol, bégo
Contoh : Kanu *pepelenyun* mah, tilok aya nu nitah gawé.

Peureukan ngayun : Tasyakuran bayi (lepasnya ari-ari bayi)
Contoh : Geus boga budak mah laju baé, siap siap hajat *peureukan ngayun* nyah.

Pohara : Sangat, terlalu
Contoh : *Pohara* amat dia kana aing, mani teu nanya.

Pokék : Kolor
Contoh : Tuh dina popoéan, *pokék* saha? geus tilu poé teu dijait.





Polongo : Bego, Tolol
Contoh : Turun dia *polongo*, ulah tataékan kana kenténg.

Ponggé : biji
Contoh : Mun aya nu meuncit embé, kami mah asal kabagehan *ponggé* na baé

Puan : Buah sejenis kopyor
Contoh : Mun bulan puasa, isok ngabadeg nu dagang *puan*

Punclak : Puncak
Contoh : Aing mah geus tepi ka *punclak* Gunung Karang.

Pupulur : Makanan
Contoh : Geus sadia *pupulur*na, sémah geus rék datang

Puraga : Terpisahkan, terpencil
Contoh : Kupédah tilok cacahan jeung batur, lajuna mah *puraga* dia mah.

Puseu : Beristirahat
Contoh : Wanci dohor mah *puseu* heulan jing gawéna.
















R







Ragag : Jatuh
Contoh :Negeran nu pageuh bisi *ragag*.

Raik-raik : Hampir
Contoh : Méh baé babawaanna *raik-raik* ragar

Rampadan : Peralatan syukuran 40 hari bayi
Contoh : Siapkeun *rampadan* nyah, kula deuk ngondang tatangga heulan.

Rampodan : Tatakan
Contoh : Éta kembang dina *rampodan*, bawa ka hareup.

Ranggéong : Ikatan padi
Contoh : *Ranggéong* nu geus patalayah, di jajarkeun na lantayan.

Rébék : Kotor
Contoh : *Rébék* amat dia ngecétna céng.

Rebig : Celana
Contoh : Jamangna bodas, *rebig*na biru, éta jeung barudak SMP.

Rémot : Belepotan
Contoh : Beuh anak aing tangka *rémot* kitu.

Reroban : Memisahkan bakal minyak dari air
Contoh : *Reroban* heulan nong, karak mah kabadé meunang sakumaha minyakna.

Rongrang : Bolong
Contoh : Kayu *rongrang* kitu mah, moal éndah dijieun tihang.

Rorah : Selokan/parit
Contoh : Di beulah ditu, aya *rorah* leutik, teu ka deuleu

Rorongko : Gubug di ladang padi
Contoh : Abah isuk-isuk gasik ka huma, ja can nyieun *rorongko* keur ngiuhan cenah.





Roros : Kata umpatan

Contoh : *Roros* tah ku dia, teu nurut ieuh kana kula.

Rosa : Terlalu/sangat

Contoh : *Rosa* amat si éta, hayang meuli sapatu doang anak bupati















S







Sadéka : Sepikul (Sepuluh liter)
Contoh : Ulah loba teuing, *sadéka* baé bawaanna.
Sadéméh : Mentang-mentang
Contoh : *Sadéméh* anak haji, disasarung bae beurang peuting
Sageduy : Seikat
Contoh : Ulah loba teuing ménta kacangna, *sageduy* baé, pang teu isin mawa.
Sagéléng : Sama
Contoh : Nyaan *sagéléng* jasa jeung nu kula éta caluk.
Saké : Melinjo
Contoh : Kebon *saké* na géh geus béak dituaran.
Sakojor : Lima buah gula aren
Contoh : Meuli gula *sakojor* étéh.
Salumbat : Alat untuk mengupas kalapa
Contoh: Ka Hao nyiar *salumbat*, jagisuk deuk mesékan kalapa dinu Lurah.
Saman : Jenis seni membaca barjaji dengan teknik vokal beluk
Contoh : Mun Muludan ramé jasa nu dzikir *saman* di unggal lembur
Sandékala : Rahasia waktu
Contoh : Ulah sok ulin tengah beurang tangangé *sandékala*
Sangheuk : Ga mau/Malas
Contoh : *Sangheuk* aing kudu nyusul dia ka luhur mah.
Sapridan : Sumpah
Contoh : Sanajan geus *sapridan*, urang dinya teu percayaeun.
Sapuun : 40 orang
Contoh : Nu séba lobana *sapuun*, ja geus datang ti isuk kénéh.





Saraju : 40 ekor ikan laut

Contoh : Meunang *saraju* nguseup na géh

Sasari : Perasaan

Contoh : Ceuk *sasari*, moal hujan ayeuna mah

Sasapaan : Sumpah

Contoh : *sasapaan*... aing mah moal naya deui ka dia.

Sebet : Lekas

Contoh : *Sebet* géh céng, bisi kaburu hujan.

Sebul : Malas

Contoh : Nu *sebul* mah, pasti teu naék kelas.

Sengit : Benci

Contoh : *Sengit* jasa aing kana si éta, kupédah ngalawan baé kana bapa kolot.

Sénta : Kayu balok palang

Contoh : Tegeran géh *sénta*na, kula deuk naék heulan ka ruhul.

Séntog : Rambut panjang yang dibuat untuk membuat sanggul

Contoh : Lain paranjang buukna étamah, tapi digelungna maraké *séntog*.

Serekep : Kurungan ayam

Contoh : Si Kukut geus di *serekep*, tinggal meuncit jagisuk.

Seundeuh : Menyerahkan

Contoh : Pan dia mah kitu, tungtungna isok *seundeuh* ka kami

Silulup : Menyelam

Contoh : Mun guyang bulan puasa ulah loba *silulup*, bisi kainum caina, laju baé batal puasana.

Sinungguhing : Percuma

Contoh : *sinungguhing* baé, ari kalakuanna kitu bae mah







Siwuwung : Keramas
Contoh : Ulah poho *siwuwung* nya céng mandina, kapanan tadi kekebulan

Songod : Goblok (kata mengumpat)
Contoh: *songod* dia, teu beunang dibéjaan

Sonoyong : Emper
Contoh : Pang teu kapanasan, hadéna éta nyieun *sonoyong* palebah hareup

Sorobaha : Kue serabi
Contoh : Mani isuk jasa eta tukang *sorabaha* ngiderna

Sosoroto : Panjang tangan
Contoh : Ulah sok *sosoroto*, matak moal boga batur. Laju dina kapendakna, matak diborogod ku pulisi.

Soyom : Tipu
Contoh : Jalma tukang *soyom* mah, ulah dipercaya.

Sumbrah : Kenyang
Contoh : Tas nyatu mah, laju haréés, *sumbrah* doang na mah.

Sumiru : Kelapa Muda sekali
Contoh : Beuh *sumiru* kénéh ieu mah Ka, tacan aya dagingan.

Suraheun : Menyusahkan orang tua
Contoh : Jadi budak éta ulah *suraheun* jing, bisi kawalat dia.

Susuk : Kembalian
Contoh : Geuraan *susuk* na kadieukeun, kula buru-buru keur ditanggoan bos yeuh







T







Tabé : Hampura/Maaf
Contoh : Pun sapun kanu boga lembur, *tabé* kanu boga bale

Tah : Ungkapan panegas pertanyaan
Contoh: Dia lapar *tah*?

Takanan : Mangka dari itu
Contoh : *Takanan* ulah isok wani-wani ka dinya, jalanna leueur.

Tako: Perangkap menangkap kancil
Contoh: Gera pasangkeun *tako*na

Takul : Dijaga
Contoh : Kabéan satwa *takul* kunu pagawé kebon binatang

Taléot : Sejenis Seruling
Contoh : mani kadédéngékeun sora *toléat*na.

Tando : Tupai besar (*petaurista petaurista pallas*, latin)
Contoh : Beuh moro poé ieu mah ukur meunang *tando* wéh opat siki.

Tangangé : Waktu siang hari, pas matahari di tengah-tengah (sekira pukul 12.00)
Contoh : *Tangangé* kieu mah ulah leuleumpangan, sandékala

Tapay :Tape
Contoh: Gerura bikeun ieu *tapay* ka mitoha kumaneh

Taweu : Pribumi
Contoh : Atuh kuwarimah kula *taweu*na, dia sémahna.

Tegeran : Pegang
Contoh :*Tegeran* golokna, bisi ka dupak budak.

Tegig : Dipukul punduk
Contoh : Di*tegig* ku aing, tepi ka ngudupruk tah nu malingna.





Telegig : Dipukuli punduk
Contoh : *Telegig* sakalian budak kitu mah, tuman
Télok : Tidak pernah
Contoh : Ulah sok koret, mani *télok* barang béré
Téngko : Baris
Contoh : Deuleu eta bébék mani bisaan *téngko*na
Teleg : Telan
Contoh : Mun nginum ubar kudu di*teleg* ubarna
Teu : Tidak (singkatan dari henteu)
Contoh : Ku *teu* ngaradig éta mah dia
Teu ngaradig : Tidak pantas
Contoh: ku *teu ngaradig* tah papakéan
Teu ngahayu : Tidak benar
Contoh : Omongan si éta mah, ku *teu ngahayu* kana kanyataannana
Teu nyetrék : Hambar, tidak pas
Contoh : Jomplang amat éta mah pasangan, ku *teu nyetrék* kadeuleuna
Teudeuk : Tidak
Contoh : Kami mah *teudeuk* pipilueun kana urusan nu kitu mah
Tilok : Tidak pernah
Contoh : Geus mah goréng patut, *tilok* ngahiji deui jeung deungdeungeun
Tingtit : Bedug kecil
Contoh : Mun ngadu bedug kudu maké *tingtit*, meh ngarakiba kadengena
Toktok : Dipukul
Contoh : Halik, bisi ka *toktok* huluna
Tolay : Tinggi
Contoh : Mani *tolay* amat éta mah jelema, mani ka dua méter kitu jangkungna





Tomo : Priuk dari tanah

Contoh : Mun rék nyokot béas, itu dina *tomo* di gigireun kompor

Topo : Kain lap

Contoh : Mun geus nyeuseuh kabéh, ulah poho ieu *topo* diseuseuh

Torog : Kembalian

Contoh : Mun geus meuli, ulah poh nu *torog*na cokot nya Céng

Tulup : Senjata tiup (Sumpit)

Contoh : Gagah jasa maen *tulup*na, guguru ka saha?

Tumbung : Kemaluan wanita (vagina)

Contoh : Ku *tumbung* méongeun amat, reuneuh deui reuneuh deui, mani ku kerep

Tumuyék : Buah durian baru mateng

Contoh : Mani ngonah ieu mah kadu, *tumuyék* kieu

Tundun : Rambutan

Contoh : Geus usum *tundun* mah eta di jalan nglayeuyah nu dararagang na géh

Turumbu : Pencak silat khas Banten

Contoh : Beuh tah dia, guguru *turumbu* ti mana?







U







Ubrug : Sandiwara rakyat
Contoh : geus geura nonton *ubrug* tuh ka ditu
Ulup : Sebutan untuk anak laki-laki
Contoh : Ceuba pang gerokeun si *ulup*, sinah kadieu
Umès : Lembek
Contoh : Wadahan kana colobong èta kurupuk bisi *umès*
Unjuk : (1) Apalagi, lebih-lebih
Contoh : Kumaneh mah nyaho, *unjuk* kami mah nyaho jasa
(2) Dilebihi
Contoh : Barang di*unjuk*an mah saketip ti panawar, ja dibikeun
Urat jagat : antanan (*centella asiatica*, latin)
Contoh : Jagisuk urang ngala *urat jagat* di sawah
Usam : nama ikan laut (biasanya diasinkan/gégésék)
Contoh : Jelema juga *usam* gèh ku loba laga!
Usim : musim
Contoh : Di diyeu mah *usim* kadu jeung tundun.







W

